



Pou Piblikasyon Imedya: 19/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN KONPLÈKS LOJMAN NAN PRI ABÒDAB POU GRANMOUN AJE KI KOUTE 48 MILYON DOLA EPI KI GEN 40 INITE NAN ROCHESTER

Pwojè plizyè faz la pral ranplase vye bilding Mitchell-Lama yo, sa k ap kreye plis pase 100 kay toupre Pak Cobbs Hill la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a, achèvmman yon nouvo devlopman lojman nan pri abòdab pou granmoun aje ki koute 48 milyon dola epi ki gen 40 inite nan Rochester. Bilding lan se premye faz nan yon pwojè twa faz pou ranplase ansyen Cobbs Hill Village la, yon devlopman Mitchell-Lama ki te konstwi odepwa an 1957. Nan senk ane ki pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa prezève plis pase 6,800 kay nan pri abòdab nan Konte Monroe, sa ki gen ladan plis pase 3,700 nan Rochester. Nouvo Cobbs Hill Village kontinye efò sa a ak konplete Plan Lojman pou senkan ak 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki sou wout pou l kreye oswa prezève 100,000 kay nan pri abòdab nan tout eta a.

"New York angaje pou l kreye lojman nan pri abòdab pou granmoun aje yo nan kominote yo ak katye yo atravè eta a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Premye faz sa a nan Cobbs Hill Village ede ranplase yon devlopman ki ansyen epi pèmèt 40 fanmi granmoun aje sa yo viv poukont yo epi jwi tout benefis yon kay modèn ka bay."

De pwochen faz devlopman Cobbs Hill Village la pral gen ladan nouvo konstriksyon yon bilding 40 inite adisyonèl pou ranplase 40 apatman ki egziste deja yo, ansanm ak nouvo konstriksyon 24 kay ranje ki gen fòm jaden pou ranplase 20 inite ki egziste deja pandan de pwochen ane yo.

Tout nouvo 104 kay yo pral kontinye se inite Mitchell-Lama nan pri abòdab pou fanmi ki se granmoun aje ki gen laj 55 an oswa plis ki gen revni ki nan oswa pi ba pase 80 pousan Revni Mwayen Zòn lan. Pwogram Mitchell-Lama te kreye pou devlopman lojman abòdab, pou lokasyon ak koperasyon posede, pou Nouyòkè ki gen revni modere. Kòm yon pati nan yon akò ant Vil Rochester ak pwomotè pwojè a Rochester Management, Inc., rezidan ki egziste deja yo pral peye lwaye a menm jan yo te fè anvan pwojè a pou dire lokasyon yo nan Cobbs Hill Village. Yo pral deplase rezidan ki egziste deja yo nan nouvo apatman yo anvan yo demoli bilding ki egziste yo.

Rezidan yo pral gen ekipman pou ede yo vyeyi an plas, tankou lakou oswa teras nan chak inite, asansè, sal egzèsis fizik, laboratwa enfòmatrik, espas rasanbleman ak pwoksimite ak Pak Cobbs Hill, pou ankouraje koneksyon ak sante kominote a. Chak inite ka fasilman adapte pou akomode nenpòt chanjman nan mobilite amezi rezidan yo ap vyeyi.

Bilding yo gen sistèm chofaj ki trè efikas, plonbri ki koule dousman, ak aparèy ENERGY STAR® ki pral bay rezidan yo kay ki bon pou klima, ki an sante ak ekonomik nan enèji. Yo fèt pou satisfè estanda Pwogram - Nouvo Konstriksyon Lojman Otorite Enèji ak Rechèch Eta New York (New York State Energy and Research Development Authority, NYSERDA).

Tout pwojè Cobbs Hill Village la jwenn sipò yon prè 42 milyon dola nan Pwogram Prè Mitchell-Lama Ajans Finans Lojman HCR la ak 101,000 dola nan Pwogram Nouvo Konstriksyon - Lojman NYSERDA. Li pral kontinye benefisye yon rediksyon total taks sou byen imobilye kòm yon konplèks Mitchell-Lama pou granmoun aje ke Plymouth Gardens, yon konpayi lojman Atik II, posede. Pwomotè pwojè a se Rochester Management, ki te bay yon prè esponsò 3.8 milyon dola. Community Preservation Corporation te bay tou yon prè konstriksyon 3.9 milyon dola.

Agenda Lojman Gouvènè Hochul la.

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman New York la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi fasil pou tout Nouyòkè yo. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 25 la, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman New York la atravè nouvo ankourajman taks pou kominote nan Nò Eta yo, nouvo ankourajman ak soulajman ki soti nan kèk restriksyon Eta enpoze pou kreye plis lojman nan Vil New York, yon fon kapital 500 milyon dola pou konstwi 15,000 nouvo kay sou pwopriyete eta a, yon lòt 600 milyon dola nan finansman pou sipòte yon varyete devlopman lojman nan tout eta a, ak nouvo pwoteksyon pou lokatè pwopriyete yo. Anplis de sa, nan kad bidjè ane fiskal 2023 adopte a, Gouvènè a te anonse yon Plan Lojman senkan, 25 milya dola pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 45,000 kay jiska dat.

Bidjè adopte ane fiskal 2025 la te ranfòse tou [Pwogram Kominote ki an Favè Lojman](#) ke Gouvènè a te lanse an 2023. Sètifikasyon Kominote an Favè Lojman an se yon egzijans kounye a pou jwenn aksè nan jiska 650 milyon dola nan finansman opsyonèl. Jiska jodi a, gen plis pase 160 kominote ki te sètifye, ak plis pase 330 ki enkli Vil Rochester.

Komisè HCR RuthAnne Visnauskas te deklare, "Pwojè Cobbs Hill Village la ap prezève yon devlopman enpòtan Mitchell Lama epi asire rezidan aktyèl yo ak pwochen rezidan yo gen yon kote ki abòdab, ki an sekirite epi ki dirab pou yo rele lakay yo ak vyeyi sou plas. Nou kontan kontinye travay nou ansanm ak patnè nou yo pou konplete de dènye faz devlopman sa a ki pral finalman pote plis pase 100 kay nan katye sa a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "Cobbs Hill Village nan Rochester montre ki jan moun ki gen plis pase 55 an ka abòdab, pwòp ak konfòtab atravè bilding ki genyen enèji pwòp ak karakteristik enèji efikas. Sipò NYSERDA nan pwojè sa a kreye espas k ap viv pou rezidan yo ki pèmèt yo benefisye plis kontwòl sou itilizasyon enèji yo ak karakteristik dirab ki amelyore rezistans kont move tan ak klima k ap chanje nou an."

Majistra Rochester, Malik D. Evans, te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul, Komisè RuthAnne Visnauskas nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote New York, ak ekip Plymouth Gardens ak Rochester Management dèske yo fè investisman sa nan vil nou an. N ap kreye yon kominote ki an sekirite, ekitab ak pwospè pou tout moun e li bon pou nou gen patnè tankou Gouvènè Hochul."

Chèf Egzekitif Konte Monroe a, Adam Bello te deklare, "Achèvman Faz 1 pwojè Cobbs Hill Village la make yon etap enpòtan nan angajman kontinyèl nou pou nou bay granmoun ki aje yo lojman ki nan pri abòdab ak bon jan kalite. Nouvo bilding 40 inite sa a ofri yon kote ki an sekirite ak akeyan pou rele lakay yo epi ranfòse estrikti kominote nou an lè li asire granmoun aje nou yo ka vyeyi an plas avèk diyite ak sekirite. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul, Rochester Management Inc., Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York, ak tout patnè nou yo, ki gen ladan Fon Lojman Mitchell-Lama eta a, Community Preservation Corp., ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York, pou sipò presye yo nan fè vizyon sa a vin yon realite. Sa a se jis kòmansman yon avni pi briyan pou Cobbs Hill Village ak rezidan yo ki pral pwospere isit la."

Vis Prezidan ak Responsab Ipotèk, Community Preservation Corporation, Miriam Zinter, te deklare, "Asye nou yo merite pou yo vyeyi an plas yo avèk gras ak diyite, epi mwen kontan wè rezidan Cobbs Hill yo gen opòtinite pou yo anmenaje nan nouvo bèl kay nan pri abòdab yo a. Transfòmasyon k ap fèt la a pral ede kontinye revitalizasyon kominote a epi bay yon nouvo resous lojman abòdab ki pral sèvi kominote Cobbs Hill pou ane k ap vini yo. Se te yon plezi pou m travay ak patnè nou yo nan Rochester Management, NYS HCR, ak NYSERDA, e mwen espere wè de dènye faz yo fini."

Enfòmasyon sou Pwogram Mitchell-Lama

[Pwogram Mitchell-Lama](#) a ofri lojman atravè Eta New York ki abòdab pou klas mwayèn nan. Li te kreye atravè Lwa sou Lojman a Bi Likratif Limite an 1955, ke Senatè Eta Manhattan MacNeil Mitchell ak ansyen Depite Brooklyn Alfred Lama te defann. Devlopman Mitchell-Lama yo se antite prive ki posede ak jere yo.

###

ANILE ENSKRIPSYON OU